Халикова М.Х.

1-чу КЛАССЕХЬ НОХЧИЙН ЛИТЕРАТУРИН ДАРСАШ

Методически гІо-Іамат

Хьехархошна гІоьнна

АО «ИПК «Грозненский рабочий» – 2023

УДК 372.8
ББК 74.261.4(Чеч.)
Х17

Х17

Халикова М.Х.

Уроки чеченской литературы в 1 классе. Методическое руководство к учебнику «Чеченская литература. 1 класс» / Халикова М.Х. – Грозный: АО «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий», 2023. – 48 с.

ISBN 978-5-4314-0545-7

Методически куьйгалла «Нохчийн литература. 1 кл.» Іаматца болх бечу йуьхьанцарчу классийн хьехархошна лерина ду. Куьйгалли тІехь йалийна Іаматца йогІуш йолу урокашна лерина планаш.

Методически куьйгалла догІуш ду йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран Федеральни пачхьалкхан дешаран стандартаца.

УДК 372.8
ББК 74.261.4(Чеч.)

ISBN 978-5-4314-0545-7

© Халикова М.Х., 2023
© АО «ИПК «Грозненский рабочий», 2023
Все права защищены

Лараме хьехархой!

ХIара методикин гIо-Iамат лерина йу Бадаева А.С., АлиеваЗ.Л.-А., Халикова А.Х. хIоттийнчу керлачу «Нохчийн литература. 1 класс» Iаматца болх бечу хьехархошна. Кху тIехь йалийна оцу Iаматан литературица йогIу урокан планаш. Программа лерина йу кIиранах ши урок дIайахьарна.

Методикин гIо-Iаматна йукъайогIу йаьржинчу урокийн планаш а, хIора урокан Iалашо билгалйан оьшу гайтаман гIирс а, цIахь бан беза болх а. Методикин гIо-Iамат, Iаматехь болчу турпалхошца дIахьош йу. Цо аьтто бийр бу берийн литературица долу гергарло чIагIдан а, керла говзар йовзийта а.

Методикин гIо-Iамат шена чохь тайп-тайпана тIедахкарш а, дешархочунна дог-ойла тIейерзорна лерина ловзаран кепехь керла байташ а, къамел шардарна лерина керла шардарш а, дешархойн самукъадерадолчу кепара садаIаран миноташна хIиттийна керла ловзарш а, говзар йоьшучу хенахь дешархойн аз а, йиш (ритм) а тойарна тIехьажийна, рефлекси йарна лерина ловзаран кепехь долу керла тайп-тайпана тIедахкарш а, карточкаш а долуш йу.

Методикин гIо-Iамата тIехь говзарш йешаран, уьш йийцаре йаран, царна таллам баран, дешархойн къамел кхиоран Iалашонца йалийна йу классал арахьара дешарна лерина урокаш. И белхаш дешархоша кхочушбан тарлуш ду тобанашца а, хIораммо ша а.

Коьрта чулацам, дешаран гIуллакх даран кепаш билгалйаьхна хIора урокана, уьш йогIуш йу йукъардешаран гергарчу хьесапехь йолчу программашца. Проектийн белхаш барна тIехьажийна масех урок а йалийна хIокху методикин гIо-Iаматехь. Цара гIо дийр ду, цIахь бан беллачу белхан гIоьнца дешархой кхетош-кхиор лакхадаккха.

Хьоме хьехархой! ХIокху методикин гIо-Iамато аьтто бийр бу аьлла хета тхуна, урокана шуьга кхоччуш кечам байта а, йийца лерина тема кхачам боллуш дIакхачо а.

Тхо даггара тешаш ду, аш бечу беркатечу, хьаналчу балха тIехь, хIокху методикин гIо-Iаматах шуна гIо а хир ду, шу кхиамийн керлачу дозанашка кхочур а ду аьлла.

Дарсан цIе: **ДАГАРДАРШ, ЧЕХККААЛАРШ**

Дарсан Iалашонаш: Абатан керла дакъа а, цу декъа йукъайогIу говзарш йовзийтар; фольклоран декъан «Дагардарш», «Чехкааларш» чулацамна тIехь болх бар; нийса а, шера а, кхеташ а йеша Iамор.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у, кехатан стоьмаш.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: ша-шен кхиарехь йешаран мах лакхара хиларх кхетар; виллина йоьшуш хила везаш хилар болу лаам шегахь кхиор; дуьненах а, къоман историех а, культурех а болу кхетамаш кхиор.

Метапредметни: шена хьалха хIоттийнчу декхаре хьаьжжина, дешаран декъехула билгалдан леринарг къасто а, цуьнан маххадо а, и кхочушдархьама эвсаре некъ харжа а хаар.

Личностни: халкъан барта кхолларалла къоман дозалла хиларх кхетар.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур** (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка) Iамийнарг карладаккхар.

• Ойла тIейерзор.

Хьажал, жима доттагIа!
Кийча вуй хьо тахана?
Дуй-те хьоьгахь тептар, жайна?
Шаверг Iаш вуй-те вай нийса?
Лууш дуйла суна ги,
Даккха шайна тахна … (бераша олу) пхиъ!

• Къамел шардар.

Цу-цу-цу, Цу-цу-цу – ас ма чIогIа дукха дуьйцу,
На-на-на, На-на-на – Iуьйранна а, суьйранна,

Аш-аш-аш, Аш-аш-аш – лекха лаьмнаш, зезагаш,

За-за-за, За-за-за – Даймохк суна дукхабеза!

• Дарсан цIе а, Iалашонаш а йовзийтар.

Бераш дагардарш стенах олу хаьий шуна? (Берийн жоьпаш). Дагардарш уьш вайн халкъан барта кхоллараллера байтийн кепехь ловзаран аларш ду. Уьш халкъан барта кхоллараллера ду. Халкъан барта кхолларалла – иза хьалха заманахь дуьйцуш, вайн дайшкара схьайеана хазна йу: туьйранаш, кицанаш, хIетал-меташ, аларш, чехкааларш, дагардарш.

Церан автор вац. Халкъалахь кхолладелла ду уьш. Уьш хьан кхоьллина а, хьанна дагадеана а ца хуу дела. Цундела олу цунах халкъан барта кхолларалла – фольклор.

Хьехархочо берашна шайна дезаш долу ловзарш дагадаийта олу, шайх коьртаниг а къастош. ХIора нийсачу жоьпана берашна цхьацца кехатан стом лур бу. Ткъа берашна дагадогIур ду, шайх коьртаниг къаставеш, дагардан дезий. Иштта дагардаршца берашка схьаолуьйту дарсан цIе.

• Актуализаци.

– Хьехархочун дош.

Бераш, шуна хаьий дагардарш? (Берийн жоьпаш). Муьлханаш хаьа шуна? Ткъа хIара дагардарш девзий шуна? Интерактиван уьн тIехь дагардарш схьа а гойтуш, берашка дагар а дойтуш, самукъанечу ловзаршца, берашна йукъахь хаттаршна жоьпаш лур долу дешархой къастабо.

• Аз нисдарехь болх бар. (Берашка гIийлачу, тIаккха чIогIачу озаца доьшуьйту дагардарш.)

• Текстаца болх.

Берашка доьшуьйту дагардар.

«Цициг-мициг» цIе йолчу дагардаран хаттаршна жоьпаш ло.

– Хи дакъийнарг хIун йара?

– Малх къайлабаькхира стен?

– Дагарца хадийнарг хIун йара?

– Дагарна хIун хилира?

– Шу ловзий, дагардарш а дуьйцуш?

• **СадаIаран минот.**

ДегI хецадалийтар. (берашка, хьала гIовттийна, куьйгаш, корта меттах а доккхуш, доьшуьйту хIара дагардар.)

Дитт, дитт, лекха дитт.
Генаш луьста доккха дитт.
Лачкъий, вала дитта тIе,
Ас тохале хьайна нитт.

• **Чехкааларш довзийтар.**

Бераш, чехка къамел деш адамаш гиний шуна? Сиха олуш долу аларш, церан цIе муха йара? Чехкааларш ду. Хьовсий вай, вайга чехкааларш дешалой?

(Берашка чехкааларш доьшуьйту.)

Ритм нисйарехь болх бар. (Берашка меллаша, тIаккха сиха доьшуьйту чехкааларш.)


• **Дарсана жамI дар.** Биначу белхан мах хадор.

• **ЦIера болх:**

– Чехкааларш деша.
– Белхан тептаран 2-гIа тIедиллар кхочушде.

• **Рефлекси.**

(Уьн тIехь лами а бой, берашка шаьш дарсехь дийцинчух кхетаран барам къастабойту, оцу лами тIе лакхахь, йа лахахь шайн цIераш а йазйойту.)



Дарсан цIе: **АГАНАН ЭШАРШ**

Дарсан Iалашо: Халкъан барта кхолларалла цица долу берийн гергарло чIагIдар, аганан эшарш царна йовзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: ша-шен кхиарехь йешаран мах лакхара хиларх кхетар; виллина йоьшуш хила везаш хилар болу лаам шегахь кхиор; дуьненах а, къоман историех а, культурех а болу кхетамаш кхиор.

Метапредметни: шена хьалха хIоттийнчу декхаре хьаьжжина, дешаран декъехула билгалдан леринарг къасто а, цуьнан маххадо а, и кхочушдархьама эвсаре некъ харжа а хаар.

Личностни: халкъан барта кхолларалла къомана оьшуш хиларх кхетар.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур** (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка) цIера болх таллар.

• Ойла тIейерзор.

Туьйра, туьйра хилла боху.
ЧIирдиг доттагIашца ловзу,
Цара вайга маршал хоьтту,
Дика деша вайга боху.
Хьехархо: бераш, доьшур дуй вай дика?

• Къамел шардар.

– МеттахIоттайе текст.
Су____ ди___ деш___ лаьа,
Дика дотта____ хи____ лаьа.
ГIов____ йоцуш, тийна Iаш,
Док___р ду ас тахна ___.

(Суна дика деша лаьа. Дика доттагI хила лаьа. ГIовгIа йоцуш, тийна Iаш, Доккхур ду ас тахна пхиъ.)

• Актуализаци.

Хьехархочун дош. (Бераш, шун бабас а, нанас а шу дIадуьйшучу хенахь цхьа а эшар лекхний шуна? Дийца, муха йу уьш. Бераш, вайна тахана йевзар йу вайн бартан кхолларалле-ра аганан эшарш.)

– Хьехархочо йоьшу аганан эшарш

– Берашка йоьшуьйту

• СадаIаран миноташ.

Ткъа хIинца цхьажимма садаIий вай? Со шун нана Газа хир йу, ткъа шу сан бераш – гезарий.

Цхьаъ, шиъ, кхоъ, диъ!

Кхийсалуш йу гезарий! (Бераш шаьш лаьттачу меттехь жимма кхийсало.)

Хьалабаккха аьрру ког. (Аьрру ког жимма хьала а ойъий, 2–3 секундехь лаьтта.)

Цхьаъ, шиъ, кхоъ

ХIинца айъа аьтту ког.

Айде куьйгаш стигла,

Лаца марха цигара.

Корта лаций хьовза. (Корта куьйгашца схьа а лоций, бераш хьаьвза.)

ТIаккха охьаховша. (Бераш шайн метте охьаховшу.)

• Текстаца болх.

– Хьехархочо кхетам ло «кхана, лама, ула, цIака» дешнийн.

– Хаттаршца болх.

– Буьйса хIун дан йогIу аьлла хьалхарчу аганан эшар тIехь?

Харжа нийса жоп: Сулим вахьа, наб йохьуш, бода бохьуш.

– Муха наб йеш ву Сулим?

Харжа нийса жоп: тийна, мерза, къаьхьа.

– Хьуна хезний «мерза наб» олуш? И хIун бохург ду? Ишта хIунда олу аьлла, хета хьуна?

– Шун чохь дуй кегий бераш? Царна дIадийшочу хенахь локхуш йолу цхьа а эшар дагайогIий хьуна? Дийца цунах лаций.

• Іамийнарг тІечІагІдар.

– Шайн дагахь деша аганан илли берашка.

– Мукъам а балош деша хьовса аганан илли.

– Белхан тептаран тІедиллар кхочушдайтар.

• ЦІера болх:

– Аганан илли деша, цхьаъ дагахь а Іамо хьажа.

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• Рефлекси

«Дог-ойланан кехаташ». (Берашана доькъу цІен а, можа а, Іаьржа а кехаташ. Цара билгалдийр ду: можа кехат – самукъадалар; цІен кехат – дог ца дар; Іаьржа кехат – дийцинчух цакхетар. Шайн дарсах йолу дог-ойла оцу кехаташца гойту бераша).



Дарсан цІе: **ХІЕТАЛ-МЕТАЛШ.**

Дарсан Іалашо: халкъан барта кхолларалла цу берийн гергарло чІагІдар, хІетал-металш царна довзийтар, уьш деша Іамор.

Дарсан кеп: керланиг Іамор.

Дарсан гІирс: тептар, ручка, Іамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамІаш:

Предметни: дешархошна хуур ду хІетал-металш вайн барта хазнийн цхьа дакъа дуй.

Метапредметни: хІетал-металан, дагардаран чулацамах кхетар ду.

Личностни: дешархошна керла корматалла йевзар йу, иза карайерзо лаам кхоллалур бу.

Дарс дІадахьар

• Вовшахтохаран мур (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Іамат, ручка) цІера болх таллар.

• Къамел шардар.

МеттахIоттайе текст

Су____ ди___ деш___ лаьа,
Дика дотта____ хи____ лаьа.
ГIов____ йоцуш, тийна Iаш,
Док___р ду ас тахна ___.
(Суна дика деша лаьа,
Дика доттагI хила лаьа.
ГIовгIа йоцуш, тийна Iаш,
Доккхур ас тахана пхиъ.)

• Актуализаци.

– Хьехархочо кхетам ло хIетал-металх.
– Хьехархочо доьшу хIетал-металш.
– Дошамца болх.
– Текстаца болх.
– Берашка хIетал-металш дешийтар.

Хаттаршца болх.

– Шуна хаьий хIетал-металш? Шайн накъосташка хIетал-металш луш, ловзий шу?
– Классехь вовшашка хIеталш-металш ло.
– Шайна девза хIетал-металш белхан тептар тIе дIайазде.

• СадаIаран минот.

Цициг-мициг мича дахана?
Дай чу дахана. (БIаьргаш меттахдоху.)
До-мо мича бахана?
Iам чу бахана. (Корта куьйгашца схьалоцу.)
Iам-мам мича бахана?
Булано мелла. (Корта меллаша хьовзабо.)
Була-мула мича йахна?
Лам тIе йахана. (Куьйгаш хьаалаайдо.)
Лам-мам мича бахна?
Буьхьиго баьжна. (Меллаша когаш детта.)
Буьхьиг-муьхьиг мича йахана?
Барзо йиъна. (ПIелгаш меттахдоху.)

Борз-морз мича йахана?

Ткъа борз... деша йахана. (Охьаховшу.)

• Йешаран говзалла кхиор.

Дешархошка хIетал-металш доьшуьйту хаттаран кепехь. ГIийлачу озана тIера чIогIачу озане доьрзуш, иштта бIостане а йоьшуьйту берашка.

• Іамийнарг тIечIагIдар.

Бераш, шуна хаьий хIетал-металш? (Шайна хууш долу хIетал-металш вовшашка а долуьйтуш, ловзу.)

– Дешархошка шайга хIетал-метал кхолла хьажа олу.

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• ЦIера болх: хIетал-металш деша. Вовшашка дала цхьацца хIетал-метал кечде.

• Рефлекси.

«Зезаг – дика доьшург».

Бераша къастадо шайн дог-ойланах терра бос болу зезаган гIа. Цул тIаьхьа дерриг гIаш цхьаьна зезаг чохь гулдо.



Дарсан цIе: **ЦХЬОГАЛЛИЙ, ПХЬАГАЛЛИЙ.**

Дарсан Іалашонаш: халкъан барта кхолларалла йовзийтар; «Цхьогаллий, пхьагаллий» халкъан туьйра довзийтар, цуьнан чулацам тIехь болх дIабахьар; шера йеша а, йешначун маьIна дан а кхетам кхиор.

Дарсан кеп: керланиг Іамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Іамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна хуур ду хьехархочуьнга ладогІа, цуьнан хаттаршна жоьпаш дала, вовшашка хаттарш дала, царна нийса жоьпаш дала;

Метапредметни: Іаматаш тІехь шайна оьшург каро, цунах пайдаэца Іамор.

Личностни: халкъан туьйранех дозалла дан берийн кхетам кхуьур бу.

Дарс дІадахьар

• **Вовшахтохаран мур** (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Іамат, ручка), цІера болх таллар).

• **Къамел шардар.**

ДУ – ДУ – ДУ – Арахь хаза Іалам ду,

ВУ – ВУ – ВУ – Дада мангал хьокхуш ву,

ЧА – ЧА– ЧА – Кечбеш нанас мерза кхача,

ЗА – ЗА – ЗА – Дика доьшуш Іийр ду хаза.

• **Дарсан Іалашонах кхетам балар**

Керла тема йовзийтар, Іалашонна тІебигар

– Бераш, «Халкъан туьйра» хІун бохург ду, хаьий шуна? Иза хьан йаздина а, хьанна дагадеана ца хаьа дера олу цунах «Халкъан туьйра».

– Схьайелла Іаматан _____ агІо. Муьлха туьйра ду цу тІехь?

– Стенах лаьцна дуьйцур ду вай тахана?

• **Керла хаарш дІакхачор.**

Хьехархочун дош:

– Бераш, шуна девзий вайн къоман цхьа а туьйра? (Берийн жоьпаш.)

– Ткъа цхьа аакхарой, дийнаташ хуьлий туьйранашкахь? (Берийн жоьпаш.)

Бераш, тахана вайна девзар ду «Цхьогаллий, пхьагаллий» цІе йолу туьйра.

• **Текстаца болх.**

– Хьехархочо дІадоьшу «Цхьогаллий, пхьагаллий» цІе йолу туьйра.

– Берашка доьшуьйту туьйра.

– Хаттаршца болх.

– Муьлхачу дийнатех лаьцна ду хIара дийцар?

– Цхьогал а, пхьагал а долуш мультфилмаш гиний хьуна? ХIун амалш хуьлу царна чохь пхьагалан? Ткъа цхьогалан?

– Хьо муха кхета пхьагала деллачу жоьпах? Лергаш деха хIунда оьшу цунна?

– Берашна туьйранерчу акхаройн суьрташ гайтар. И сурт дилла уьш хьовсийтар.

• СадаIаран минот.

Вайн махкахь лекха дитташ ду. (Коган буьхьигаш тIе а хIуьттий, куьйгаш хьалаайдо.)

КIорга хиш а ду. (Голаш тIе охьаховшу.)

Шуьйра аре йу. (Куьйгаш дIасадохуьйту

Йаккхий хьаьннаш йу. (Куьйгаш хьалаойъу

Бераш, вай ма дехаш ду! (Нана-пIелг хьалаойъу.)

• Дарсан жамI дар.

– Хазахийтин шуна вайн таханлера дарс?

– Муьлха туьйра девзи вайна?

– Стенах лаьцна дара иза?

– Халкъан туьйра хIунда аьлла цунах бераш?

– Шуна муха хийтира туьйранан турпалхой?

– ХIун ойла кхоллайелира шун и туьйра дешча?

• ЦIера болх:

– Туьйра деша.

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• Рефлекси.

«Дог-ойланан кехаташ». (Берашна доькъу цIен а, можа а, Iаьржа а кехаташ. Цара билгалдийр ду: можа кехат – самукъадалар; цIен кехат – дог ца дар; Iаьржа кехат – дийцинчух цакхетар. Шайн дарсах йолу дог-ойла оцу кехаташца гойту бераша.)



Дарсан цIе: **ЦХЬА БУЬРТИГ**

Дарсан Iалашо: дешархошна керла туьйра довзийтар. Шера, кхеташ йеша Iамор.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна Iемар ду туьйранан чулацамах нийса кхета; цуьнан маьIна даста а.

Метапредметни: дешархошна хуур ду туьйранан коьрта ойла йаста

Личностни: дешархошна хуур ду туьйранех пайда а оьцуш, дика а вон а къасто.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур.** (Де дика дар, тахана дешархойн дог-ойла муха йу, хаттар, дарсана кечам бар, таллар, цIера болх таллар.)

• Къамел шардар.

«Дешнех ловзар»

Деша дешнаш меллаша, тIаккха деша сихха.

РОС – БОС – КОС

ЧЕК – РЕК – ШЕК

СОМ – КОМ – МОМ – ЛОМ – ШОМ

ДОШ – МОШ – РОШ – ПХЬОШ

Ткъа хIинца ловзарехь деша и дешнаш: хьалхара могIа – чIогIа, шолгIа могIа – гIийла, кхоалгIа – меллаша, боьалгIа – сихха.

• Актуализаци.

– Хьехархочун дош

Бераш, «халкъан туьйра» хIун бохург ду элира вай даханчу дарсехь? (Берийн жоьпаш) Вайна тахана керла туьйра девзар ду. Иза а халкъан ду. Схьайелла Iаматан ____ агIо. Оцу туьйранан цIе йеша хьовсий вай. (Берашка йоьшуьйту туьйранан цIе).

– Хьехархочо доьшу туьйра

– Берашка доьшуьйту туьйра

• Текстаца болх.

– Зингато буьртиг ах бен хIунда ца биъна аьлла хета хьуна?

– Зингатийн тидам биний ахь? Цара болх муха бо?

– «Чохь са долчу муьлхха а хIуманца къинхетаме хила веза» олуш хезний хьуна? Дийца цунах хьайна хетарг.

• СадаIаран минот.

ДIоооогахь хьоьжу сирла малх,

Маршалла хоьттуш вайга Iа. (Малхана дуьхьала куьйгаш лестадо.)

Генахь хьоьжу лекха дитт,

Кхойкху вайга, лестош гIа. (Дитте лакха хьала а хьовсий, куьйсаш хьалаайдо.)

Хьоькху вайна шийла мох (Куьйгашца корта схьа а лоций, дехьа-сехьа хьовзабо.)

Дика деша боху цо.

Сихха бераш охьаховша,

Дика доьшур ду вай хIинца.

• Шера а, нийса а йешар кхиор.

– Берашка туьйра дешийтар.

(ГIийлачу озана тIера, чIогIачу озана тIе а довлуш туьйранан цхьацца кийсак йоьшуьйту берашка.)

• Дарсана жамI дар.

– Стенах лаьцна дийци вай тахана?

– Дешарца а, дечу гIуллакхца а мало йан мегар ду аьлла хетий шуна?

– Хазахийтин шуна туьйра?

– Аш йийр йуй мало дешарца а, дечу гIуллакхца а?

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• ЦIера болх:

– Туьйра деша.

– Туьйра маьIне хьаьжжина дакъошка декъа. ХIора декъана цIе тилла.

• Рефлекси.

Дарс чекхдолуш шайн дог-ойла муха йу хьаьжжина, басарде хIокху суьртех цхьа сурт.



Дарсан цIе: **ТАМАШИЙНА ЙОI**

Дарсан Iалашо: дешархошна халкъан барта кхолларалли керла туьйра довзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: **тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.**

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна Iемар ду туьйранан чулацамах нийса кхета; цуьнан маьIна даста а.

Метапредметни: дешархошна девзар ду керла дешнаш, церан маьIна а, туьйранан коьрта ойла йаста а хуур ду.

Личностни: дешархошна хуур ду туьйранех пайда а оьцуш, дика а во а къасто.

Дарс дIадахьар

• Вовшахтохаран мур (Де дика дар, дешархойн дог-ойла муха йу хаттар, дарсана кечам бар таллар, цIера болх таллар).

• Ойла тIейерзор.

Туьйра, туьйра хилла боху.
Берашш доттагIашца ловзу,
Цара вайга маршал хоьтту,
Дика деша вайга боху.
Хьехархо: бераш, доьшур дуй вай дика?

• Къамел шардар.

– МеттахIоттайе текст

Су____ ди___ деш___ лаьа

Дика дотта____ хи____ лаьа.

ГІов____ йоцуш, тийна Іаш

Док___р ду ас тахна ___.

(Суна дика деша лаьа. Дика доттагІ хила лаьа. ГІовгІа йоцуш, тийна Іаш, Доккхур ду ас тахна пхиъ.)

• Актуализаци.

– Хьехархочун дош.

– Бераш, тамашийна йоІ гиний шуна цкъа а? И муха хуьлуте? Хьовса лаьий шуна иза муха хуьлу? ЛадогІа тІаккха туьйране. Схьайелла Іаматан ------– агІо. Оцу туьйранан цІе йеша хьовсий вай. (Берашка йоьшуьйту туьйранан цІе).

• Текстаца болх.

– Хьехархочо доьшу туьйра

– Берашка доьшуьйту туьйра

– Хаттаршца болх

– Хазахийтирий шуна туьйра?

– Дийца, хІун хазахийтира шуна туьйранехь.

– «Диканах дог дилла мегар дац» бохучух муха кхета шу? Дийца шайна хетарг. ХІара туьйра оцу кицанна тІедогІу аьлла хетий шуна?

– Туьйранаш дуьйцуш хазахетий шуна?

– Туьйранашкахь уггар чІогІа хІун хазахета шуна?

– Кхин муьлха туьйранаш девза шуна? ЦІераш йаха церан.

• СадаІаран миноташ.

Гой шуна, полла тІемаш лестош,

Зезагаш бу дагардеш.

Куьйгаш-тІемаш ластаде цунна,

– Цхьаъ, шиъ, кхоъ, диъ, пхиъ – (пІелгашца дагардо)

Зезагаш, ма хаза техка.

Дийнахь, кІирнах, бетта чохь, (куьйгаш тоха)

Йалх, ворхІ, бархІ, исс, итт, (пІелгашца дагардо)

Зезагийн тхи муьйлуш, (Когаш меттахдаха)

Полла боккха хир бу. (куьйгаш тоха)

Шера а, нийса а йешар кхиор.

– Берашка туьйра дешийтар.

(ГIийлачу озана тIера, чIогIачу озана тIе а довлуш туьйранан цхьацца кийсак йоьшуьйту берашка)

• Дарсана жамI дар.

– Стенах лаьцна дийци вай тахана?

– Дешарца а, дечу гIуллакхца а мало йан мегар ду аьлла хетий шуна?

– Хазахийтин шуна туьйра?

– Аш йийр йуй мало дешарца а, дечу гIуллакхца а?

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• ЦIера болх:


– ГIалаташ а ца дохуш туьйра деша.

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• Рефлекси.

«Мила ву самукъане?»

Шайн дог-ойланца догIуш долу сурт къастаде.






Дарсан цIе: **КИБИЕВ МУСБЕК. «ОРГА»**

Дарсан Iалашо: дешархошна Кибиев Мусбека йазйина «Орга» цIе йолу керла байт йовзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна хаа деза байт нийса йеша а, байташ а, дийцарийн тексташ а къасто а.

Метапредметни: Іемар ду байтийн могІанашкахь дешнаш муха декаш ду хьажарна тидам тІебахийта.

Личностни: девзар ду «Орга» хи, цуьнан исбаьхьалла а.

Дарс дІадахьар

• **Вовшахтохаран мур** (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Іамат, ручка), цІера болх таллар).

Къамел шардар.

«Чехкааларца болх».

«Чопа чоьлпи чохь, чоьлпа чорпи чохь».

1. Дешдакъошца деша чехкаалар.

2. Жимма сих а луш, деша чехкаалар.

3. Дуьйлалуш сиха, йешна довлуш болар лах а деш, деша чехкаалар.

4. Чехкаалар санна деша.

• Мотивацехула актуализаци.

Хьехархо: Хьоме бераш, вайн цхьа а хиш девзий шуна? Девзачо, цІераш йийца. (Берийн жоьпаш)

Хьехархо: Орга олуш хезний шуна цхьанна а? (Берийн жоьпаш)

Хьехархо: Орга – иза вайн нохчийн массо а йарташка кхочуш охьадогІу сирла хи ду. Цул сов, «Орга» цІе йолуш нохчийн журнал а ду. Байташ а, дийцарш а деша мега цу тІехь. Ткъа Кибиев Мусбек мила ву а, цо муьлха Орга дуьйцу а хьовсур ду вайн тахана дарсехь.

– Кибие Мусбеках боцца хаам балар.

Кибиев Мусбек нохчийн йаздархо ву. Иза вина І937 шеран 7 августехь Нохчийчоьнан лаьмнийн Іаламехь лаьттачу исбаьхьчу юьртахь Дишни-Веданахь. Цо йазйина дуккха байташ. Уьш йешча вайна хуур ду нохчийн гІиллакхех а, дахарх а лаьцна.

– Хьехархочо йоьшу байт.

• СадаІаран миноташ.

БІаьргашна йеш йолу упражнени – шайн меттехь Іашшехь.

1. БIаьргаш дIакъовла. 10-15 секундехь садаIа. БIаьргаш схьабелла.

• 2. БIаьргаш меттахбахар.

– бIаргаш аьтту агIор а, хьала а хьовсабе, бIаьргаш аьрру агIор а, хьала а хьовсабе.

– бIаьргаш аьтту агIор а, охьа а хьовсабе.

– бIаьргаш аьрру агIор а, охьа а хьовсабе.

3–4-зза карладакхха. БIаьргаш дIакъовла. 10-15 секундехь садаIа.

• Текстаца болх.

– Муьлха Орга ду байтехь дуьйцург?

– Муха догIуш ду боху иза автора?

– Шуна гиний Орга хи? Мичахь догIуш ду иза хаьий шуна?

– Кхин муьлха вайн махкара хиш девза шуна?

Хьо Iачу меттехь (гIалахь, йуьртахь) дуй цхьа хи? Делахь, цIе йаккха.

• Iамийнарг тIечIагIдар.

Белхан тептаран тIедахкарш кхочушде.

• Дарсана жамI дар

– Керла хIун девзи вайна?

– ХIун ойла кхоллалели шун хIара байт йоьшуш?

– Орга хи муха хуьлу?

– ХIинца девзар дуй шуна и хи?

• ЦIера болх:

– Дагахь Iамайе М. Кибиевн «Орга» цIе йолу байт.

– Органан сурт дилла хьажа.

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• Рефлекси.

Дарс чекхдолуш, шайн дог-ойла муха йу хьаьжжина, басарде хIокху суьртех цхьа сурт.



Дарсан цIе: **АХМАДОВ МУСА. «ПИСУЛИГ»**

Дарсан Iалашонаш: Ахмадов Мусан кхолларалла хаам бар;

«Бабин Писулиг» байт йовзийтар, цуьнан чулацам тIехь болх дIабахьар; шера а, нийса а йеша Iамор.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна Iемар ду кхеташ, нийса, къастош йеша; Iемар ду дарсан цIе билгалйаккха.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина йа доцца жоьпаш дала; Iаматца болх бан, ойла йан.

Личностни: шайн къомах, къоман йаздархойх дозалла дан берийн кхетам кхиор.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур.** (Маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар.)

• **Мотт шарбар.** Меттан говзалла кхиор.

Вала, вала, хелхавала,
ТIемаш даржош стигал вала,
Вала, дада, хелха вала,
Вовшийн марзо оьцур тIаккха.
ДIайеша дегочу озаца. ДIайеша меллаша. ДIайеша къастош.

• **Дарсан Iалашонаш йовзийтар.**

Схьайелла Iаматан ____ агIо. Муьлха байт йу цу тIехь йерг?

– Мила йу цуьнан автор? Стенах лаьцна дуьйцур ду вай тахана дарсехь?

Вайна тахана Ахмадов Мусас йазйина «Писулиг» цIе йолу керла байт йевзар ду. Йешаран пайда а гойтуш, нийса а, кхеташ а, шера а и байт йеша Iемар ду вай.

• **Керла тема хьехар.**

– Ахмадов Мусах боцца хаам балар.

Хьехархочун дош:

Ахма́дов Муса́ – иза гІараваьлла нохчийн поэт, драматург, Нохчийн Республикин Халкъан йаздархо ву. Дуккха а йу цуьнан вайн махках, Даймехкан Іаламах, ненан маттах, дайн гІиллакхех лаьцна йазйина говзарш. Тахана вай шуьца йоьшур йу цуьнан берашна лерина йазйина «Писулиг» цІе йолу байт.

• Текстаца болх.

– Хьехархочо дІайоьшу «Писулиг» цІе йолу байт.

– Хаттаршца болх

1. Хазахийтирий шуна байт? ХІун хазахийтира шуна?

2. Кху байта тІера цициг-кІорни муха хета шуна: кура йа коча, самукъане йа сингаттаме, дера йа эсала? Кхин хІун эр дара аш цунах?

3. Шун дуй цІахь цициг? Кхин дийнат дуй?

4. Муха леладо аш уьш?

• СадаІаран минот.

«Пису»

Пису, пису арахь догІу,
Когаш детташ иза ловзу, (шаьш лаьттачохь когаш тохар)
Куьйгаш стигал хьалакхийдош, (куьйгаш хьалаайдо)
Полла лацар лерехь цІийзаш, (лергаш схьа а лоций, корта меллаша ластабо)
Шура йезаш мотт бу боьлхуш,
Пису иза сацо хьожу,
Баба йолчу кхочур ду,
Пеша уллехь Іуьллур ду. (когаш тІе охьаховшу)

• Керла тема кхидІа а хьехар.

– Нийса йешарехь болх бар. (Берашка, гІалаташ нис а деш йоьшуьйту байт)

– ТІедиллар кхочушдар.

– Бераш, шуна дукхадезий дийнаташ? Дийнатийн суьрташка хьажа. Церан массеран а цІераш хаьий шуна? Царах цІахь лелош дерш муьлханаш ду? Билгалдаха.

– Писулиго шена ло корехь бен ца гина боху. И хIунда ду аьлла хета шуна? Харжа нийса жоп.

– Іай дуьнен чу даьлла и. И жима долу дела, шелонах лардеш, ара ца далийтина и.

– бовхачу махкара схьадеана ду иза.

– Цициге хьажа. Муха хета шуна и? Самукъане дуй и? Йа сингаттаме ду? ХIунда ду аьлла хета шуна?

Дарсан жамI дар.

– Хазахийтин шуна вайн таханлера дарс?

– Муьлха йаздархо вевзи вайна?

– Муьлха байт йийши вай?

– Стенах лаьцна йара и байт?

• ЦIера болх:

– байт йеша. Дагахь Іамайан хьажа

– Шайна хетарехь, «Писулиган» сурт дилла.

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• Рефлекси. (Шайна хеташ долчу дешнашца алам чекхбаккхар.)

• Суна тахана дарсехь девзи …

• Ас сайна кхин а Іамо деза …

• Суна дарсехь тахана хазахийтира …

• Дарсехь кхин а дика хир дара …

Дарсан цIе: **АБУБАКАРОВА ПЕТІАМАТ. «ДЕЙ, БУЬЙСИЙ»**

Дарсан Іалашо: Абубакарова ПетІаматан кхолларалла йовзийтар; дешархошна керла туьйра довзийтар; туьйранан чулацамах кхетам балар.

Дарсан кеп: керланиг довзийтар.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Іамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна Іемар ду кхеташ, нийса, къастош йеша; Іемар ду текстан коьрта тема билгалйаккха.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина йа доцца жоьпаш дала; Iаматца болх бан, ойла йан.

Личностни: дешархошна хуур йу нохчийн маттахь кIиранан денойн цIераш.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур** (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар).

• **Къамел шардар.**

Ог – Уг – Аг – Иг – Писус ловзош йолу тайниг

Уг – Аг – Иг – Ог – Хьаьрчи стоьлан лоцуш ког,

Аг – Иг – Ог – Уг – Лаца гIерта бабин куьг,

Иг – Ог – Уг – Аг – Бабас леци писун лаг.

• **Актуализаци.**

– Бераш, Абубакарова ПетIамат йуьйцуш хезний шуна? Иза йаздархо йу. Цо берашна лерина дуккха а говзарш йазйина. Тахана а шуьга дешийта аьлла, керла туьйра даийтина цо.

– Абубакарова ПетIаматах боцца хаам балар.

• Абубакарова ПетIамат Зайндиевна дуьнен чу йаьлла 1972-чу шеран 17-чу майхь, ТIехьа-Марта кIоштан Котар-Юьртахь. Нохчийн гIиллакх, гIуллакх лоручу, ненан меттан сий-пусар долчу доьзалехь кхиъна ПетIамат. Цуьнан дуьххьара говзар, «Iаьнан сурт» аьлла йолу байт, зорбане йелира «СтелаIад» журналехь. Цул тIаьхьа оццу журналехь шен рогIера дийцарш а, байташ а йовзийтира цо.

• **Керла туьйра довзийтар.** (Хьехархочо доьшу туьйра)

• **СадаIаран миноташ.**

Бераш, го а бой, ул-улле дIахIуьтту. Вай хьуьнах кхаьчна. ЧIогIа мох баьлла (механ гIовгIа хозуьйту)

Мох бу хьоькхуш тхан йуьхь тIе, (бIаьргаш дIакъовлу)

Генаш лестош дитто шен, (куьйгаш лестадо)

Мох, ахь жимма собарде, (куьйгийн пIелгаш меттахдоху)

Лекха дитташ доха ма де. (боьхьаш тIе а хIуьттий, куьйгаш лекха хьалаойъу)

• Текстаца болх.

– Берашка доьшуьйту туьйра.

– Хаттаршца болх.

– Керла хIун девзира шуна хIокху дийцарехь?

– Денойн цIераш хаьарий шуна? Йийца уьш.

– Шуна царах муьлха де хазахета? Муьлхачу дийнахь самукъдолу хьан?

• Дарсана жамI дар.

– Бераш, муха хийти шуна вайн дарс?

– Муьлха цIераш йевзи шуна?

– Дагахь Iамор йуй аш уьш?

• ЦIера болх:

– Туьйра деша, чулацам схьабийца.

– Ца кхеташ дешнаш делахь шайн тептарш тIе дIайазде.

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• Рефлекси.

(ХIора а дешархочо шен тептар тIехь малх буьллу, дарс дIадолучу хенахь шайн йолу дог-ойла а гойтуш).

Дарсан цIе: **ГАЦАЕВ САЬИД. «БОРЗ»**

Дарсан Iалашонаш: къоман йаздархо Гацаев СаьIид вовзийтар; «Борз» цIе йолу байт йовзийтар, чулацам тIехь болх дIабахьар.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у, бес-бесара къоламаш, цIена кехаташ.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: хьехархочуьнга ладогIа, цуьнан хаттаршна жоьпаш дала, вовшашка хаттарш дала, царна жоьпаш дала Iамор;

Метапредметни: байта тIехь дустарш муха гайтина ду а хьожуш, акхаройн билгалонаш йовзийтар.

Личностни: шайн къомах, къоман йаздархойх дозалла дан берийн кхетам кхиор.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур** (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар).

• Къамел шардар.

Бедаш кхойкху Iуьйранна... Къа, Къа, Къа

ГIезаш лаьтта хийистехь... ГIа, ГIа, ГIа

Котамаш йу корехь кхойкхуш... КIо, КIо, КIо

Цаьрга хьоьжуш лаьтта хьо... Со, Хьо, Со

• Дарсан цIе йовзийтарца Iалашонна тIебигар.

– Бераш, «Дадин борз йу хьо!» олуш хезний шуна? (Берийн жоьпаш). Борз йу хIунда олу-те? Муха йу-те и борз? Хьовса лаьий шуна? (Берийн жоьпаш). ТIаккха байт йеша йеза вай. Амма, цкъа хьалха, вайна и байт йазйинарг мила ву хьовсий вай

• Керла тема хьехар.

– Хьехархочун дош.

– Гацаев СаьIидах боцца хаам балар.

Гацаев СаьIид вина 1938 шеран 2-чу декабрехь Веданан районерчу Дишни-Ведана юххерчу кIотарахь. Цо берашна лерина дуккха говзарш йазйина. Шен говзаршкахь цо хьестабо Даймохк, даймехкан Iалам, нохчийн гIиллакхаш а.

– Хьехархочо дIайоьшу байт.

– Берашка йоьшуьйту байт.

• СадаIаран минот.

«Де – буьйса»

Хьехархочо «буьйса» аьлча – бIаьргаш 5 сек. дIакъовлу, ткъа «де», аьлча – 5 сек. схьадоьллу. Кхочушде 5–8-зза.

• Хаттаршца болх.

1. Стенга йеънера борз?
2. ХIун дан йеънера и йуьрта?
3. Мила дуьхьалделира барзана?
4. ХIун элира жIаьло барзе?
5. ХIун дира тIаккха барзо? Мича йахара и?
6. Муьлха дийнаташ ду кху байта тIехь дуьйцуш?

7. ЖIаьла муха амал йолуш ду? ХIунда хета шуна иштта?

8. «Борз» цIе йолчу байта тIехь муьлха дийнаташ хьахийна? Схьалаха лахарчу суьрташна йуккъехь оцу байта тIехь хьахийна долу дийнат.





Дарсана жамI дар.

– Хазахийтин шуна вайн таханлера дарс?

– Муьлха йаздархо вевзи вайна?

– Муьлха байт йийши вай?

– ХIун хьоьху вайна оцу байто?

Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• ЦIера болх:

– Гацаев СаьIидан байт дагахь Iамайе.

• Рефлекси.

Хаамбаран кехат

Баьццара кехат. Суна дарс дика хийтира. Ас дика болх бира дарсехь. Со дика кхийтира хьехархочо дийцинчух.

Можа кехат. Дарс самукъане дара. Ас болх бира. Мелла а пайдехь хилира суна таханлера дарс. Ас тIедиллар кхочушдира, хаттарна жоп а делира.

ЦIен кехат. Дарсах кIезиг пайда белира суна. Со ца кхийтира дийцинчух. Суна ца хиира хаттарш а, тIедахкарш а кхочушдан.



Дарсан цIе: **ЯШУРКАЕВ СУЛТАН «ЛАРЛО»**

Дарсан Iалашо: дешархошна Яшуркаев Султана йазйина «Ларло» цIе йолу керла байт йовзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна Iемар йу дахарехь цIарах ларлуш лело йеза бакъонаш;

Метапредметни: хьехархочуьнга ладогIа, цуьнан хаттарш-на жоьпаш дала, вовшашка хаттарш дала, царна жоьпаш дала Iамор;

Личностни: дешархошна хуур ду байт шера а, нийса а йеша, байтан чулацамех кхета а.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур** (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар).

Къамел шардар.

Шабар-шибар деш,
Лаьтта Iежийн беш.
Зингат догIу дедда,
Зу йу тIаьхьайедда.
Ш-ш-Ш – лаьтта Iежийн дитт.
З-з-З – зингат догIу дедда.

• **Актуализаци.**

Бераш, сирникаш нийса ца лелайахь, доккха зулам хила тарлой хаьарий шуна? Нийса муха лело йеза-те уьш? Хьовса лаьий шуна? ЛадогIа тIаккха вайна Яшуркаев Султана йазйин-чу байте.

– Керла байт йешар
– Хьехархочо йоьшу байт.
– Берашка йоьшуьйту байт.

• Керлачу хаарийн дуьххьара дIалацар.
– Сирникаш мичахь хуьлу?
– ХIунда оьшу сирникаш?
– Муьлха вон хила тарло, сирникаш нийса ца лелайахь?
– Цуьнан бакъонаш йевзий шуна? Дийца царах лаций?
• СадаIаран миноташ.
Тидамца шу хьовса дуьхьала,
Светофор йу кхо бIаьрг бетташ.
Баьццара, цIен, можа бIаьрг –
Лур цо вайга нийса сацам.
ЦIен серло – массо саца тап-алий,
Можа серло – тIараш тоха,
Баьццара серло – шен меттехь когаш тоха.
Светофоран бу шен хаам,
Кхочуш бе аш цуьнан лаам!
Текстаца болх.
– Берашна сирникаш лело хIунда ца мега аьлла хета шуна?
– Шу ларлой хьайгара воний ца долуьйтуш?
– ЦIена лелий шу? ЦIена лела хIун до аш?
– Аш йуьлий цергаш?
– Цергаш ца йилча, хIун хуьлу хаьий шуна?

Iамийнарг тIечIагIдар.
– Суьртаца болх.





Ловзар: «ХІаъ – ХІан-хІаъ».

(Бераша массара а цхьана «хІаъ», йа «хІан-хІаъ» жоп лур ду хаттаршна.)

– Суьрта тІехь нийса лелош йуй кІанта сирникаш?

– Чохь ловзайан мегар дуй сирникаш?

– Цергаш цІанйан мегий сирникашца?

– Аш ловзор йуй сирникаш?

• ЦІера болх:

– Іамайе С. Яшуркаевн «Ларло» байт.

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• Рефлекси.

«Кхо йуьхь»

Хьехархочо берашна гойту кхо йуьхь тІехь йолу сурт: самукъане, гІийла, гІайгІане.

Берашка къастадойту шайн дог-ойланца догІу сурт:



Дарсан цІе: **МАХМАЕВ ЖАМАЛДИ. «ЦІАХЬ ЙАЦ, АЛАХЬА…»**

Дарсан Іалашо: керла туьйра довзийтар; нийса а, шера а йеша Іамор.

Дарсан кеп: керланиг Іамор.

Дарсан гІирс: тептар, ручка, Іамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамІаш:

Предметни: дешархошна Іемар ду кхеташ, нийса, къастош йеша; Іемар ду текстан коьрта тема билгалйаккха.

Метапредметни: дешархошна Іемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина йа доцца жоьпаш дала; Іаматца болх бан, ойла йан.

Личностни: дешархошна хуур ду, харцо вайн къоман амалшца догIуш ца хилар.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур** (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар).

• **Къамел шардар.**

«Дешнех ловзар».

Деша дешнаш меллаша, тIаккха деша сихха.

ДОК – БОК – СОК

БЕЛ – ШЕЛ – МЕЛ

ВЕР – ВОЬР – ВАР – ВОР – ВИР

СОМ – КОМ – РОМ – ЛОМ

МУК – НУК – ТУК – ТУК

Ткъа хIинца ловзарехь деша и дешнаш: хьалхара могIа – чIогIа, шолгIа могIа – гIийла, кхоалгIа – меллаша, боьалгIа – сихха.

• **Актуализаци.**

– Махмаев Жамалдих боцца хаам балар

Махмаев Махьмудан Жамалди вина 1939-чу шеран 14-чу мартехь хьехархочун Махьмудан доьзалехь Соьлжа-ГIалина гена йоццуш Органан йийстехь лаьттачу БердкIелахь. Жамалди хьехархо а, йаздархо а хилла. Цо берашна дуккха а хаза а, хьекъале а говзарш йазйина.

– Хьехархочо доьшу «ЦIахь йац, алахьа» цIе йолу туьйра.

– Дошамца болх.

– Берашка доьшуьйту туьйра.

• **СадаIаран миноташ.**

БIаьргаша садаIа деза. (Дешархоша бIаьргаш дIакъовлу.)

Доккха са а даккха деза. (БIаьргаш къевлина а долуш, бераша доккха са доккху.)

БIаьргаша го тосур бу, кIаддаллар дIадер ду. (Къевлинчуьра бIаьргаш схьа а боьллий, цаьрца го боккху.)

ХIинца-м цара сан садаьIна. (БIаьргаш шуьйрра схьабоьллу, йуха дIакъовлу.)

Гур ду хIинца-м дерриг царна! (Дешархой белало.)

• Керлачу хаарийн дуьххьара дIалацар. Текстаца болх.

– Туьйра дешале шуна хаьарий пуьташ ботта ца мегий?

– Дас-нанас хьехарш дой шуна? Кхин хIун дан ца мега?

– Пуьташ боьттича йа вон лелча хIун хуьлу хаьий шуна?

– Туьйранан турпалхочо муха харцдерг дийцира?

– Иштта дан мегар дуй?

– Шун буй доттагIий? Шуна лаьий цаьрца ловза?

– Стенах ловзу шу шайн доттагIашца?

• Дарсана жамI дар.

– Бераш муха хийтира шуна вай таханлера дарс?

– Самукъане дарий?

– ХIунда хийтира шуна и самукъане? ХIун дара самукъане?

– Иштта дешархо шуна йукъахь вуй? Аш муха болх бийр бара цуьнца?

• ЦIера болх:

– Туьйра деша.

– Харцонах лаций ши кица йазде.

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• Рефлекси.

(Шайна хеташ долчу дешнашца алам чекхбаккхар.)

• Суна тахана дарсехь девзи …

• Ас сайна кхин а Iамо деза …

• Суна дарсехь тахана хазахийтира …

• Дарсехь кхин а дика хир дара …

Дарсан цIе: **МАМАКАЕВ ЭДУАРД. «ХIОРД ДУЬРИЙ БЕН ХУЬЛУШ БАЦ»**

Дарсан Iалашо: берашна хиш довзийтар. Дешархошна хIорд боху дош довзийтар, и стенах олу хаийтар. Даймехкан хиш довзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Іамор.

Дарсан гІирс: тептар, ручка, Іамат, интерактиван у, бес-бесара къоламаш, цІена кехаташ.

Кхочушдан лору жамІаш:

Предметни: дешархошна Іемар ду кхеташ, нийса, къастош йеша; Іемар ду текстан коьрта тема билгалйаккха.

Метапредметни: дешархошна Іемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина йа доцца жоьпаш дала; Іаматца болх бан, ойла йан.

Личностни: дешархошна хуур ду хІорд муха хуьлу а, цуьнан билгалонаш а.

Дарс дІадахьар

• **Вовшахтохаран мур** (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Іамат, ручка), цІера болх таллар).

• **Къамел шардар.**

Гуьйре, Гуьйре схьакхаьчна,
ГІаш ду гІийла охьаоьгуш,
Гуьйре, Гуьйре, можа Гуьйре,
ГІенаш ду хьох мерза, хьоме.

ДІайеша чІогІачу аьзнашца. ДІайеша меллаша. ДІайеша сиха.

• **Дешархойн хаарш зер.** (Интерактиван уьн тІехь хІордан сурт а гойтуш, хаттаршца болх бо.)

– Бераш, хІокху суьрта тІехь хІун го шуна? (Море.)

– Нохчийн маттахь хІун олу хаьий шуна? (ХІорд.)

– ХІокхарах хІун олу хаьий шуна? (Шовда.)

– Кхин хІун олу хуур дарий шуна шовданах? (Хьоста.)

Суьрташ тІехь гушдерш тайп-тайпана хиш ду, царех шовда олу йа хьоста олу? И хиш вовшахкхетча, цунах хІорд хуьлу.

– Ткъа хІун Іалашо йу вайн дарсан тахана?

(Тайп-тайпана хиш довзийтар, хІорд дуьра хІунда хуьлу хаар.)

Актуализаци.

– Хьехархочо берашна дуьйцу хIордан хи дуьра хиларан бахьана.

– Мамакаев Эдуардах боцца хаам ло.

Мамакаев Эдуард вина 1939-чу шеран 28-чу апрелехь Соьлжа-ГIалахь поэтан Мамакаев Iаьрбин доьзаллехь. Берийн йаздархо ву Эдуард. Даймохк, нана, Iалам – ма дукха байташ а, туьйранаш а йаздина цо вайна.

– Хьехархочо йоьшу байт.

• СадаIаран минот.

Куьйгаш малхе кховдош шайн,
Маьлхан зIаьнарш лаца схьа,
(куьгаш лакха, тIаккха аьтту а, аьрру а агIор айдар)
Бамбех тера кIеда мархаш,
Нека деш аш лахка дIа. (куьйгаш, белшаш тIе а дохкий, ластадо)
ТIаккха йеша йеза алий,
Дика деша, Iамат йеллий.

• Текстаца болх.

– Берашка йоьшуьйту байт.

– Шу хиллий хIордан йистехь?

– Муьлхачу хIордан йистехь хилла шу? Хазахийтирий шуна цигахь?

– ХIорд дуьра хуьлий хаьарий шуна?

– Къоьзан-Iам тIехь хиллий шу?

– Дийца, аьхка садаIа стенга дахара шу.

– Цхьа а шовда девзий шуна шайн йуьртара?

(Дешархоша цIераш йоху шайна дезачу шовданийн)

– Шуна-м дика девзаш хилла шовданаш.

• Дарсана жамI дар.

– Стенах лаьцна дийцира вай?

– Шуна хазахийтин вайн дарс?

– ХIунда хуьлу аьлла хета шуна хIордан хи дуьра?

• ЦIера болх:

– ЦIахь байт шера йеша. Чулацам схьабийца.

• **Рефлекси.**

«Бес-бесара кехаташ»

Дешархошкахь шина тайпана кехаташ ду: сийна а, цIен а. Цара гойту, дарс чекхдолуш, шайн дог-ойлане хьаьжжина долу кехат. Сийна кехат – самукъане, цIен – гIайгIане.





Дарсан цIе: **ЭДИЛЬСУЛТАНОВ IАББАЗ. «МАЬЛХАН ЗIАЬНАР»**

Iалашо: Ахмадов Мусас йазйина «Маьлхан зIаьнар» цIе йолу керла байт йовзийтар; нийса а, шера а, къастош а йеша Iамор. Ойлайар, тидам бар кхиор. Даймахке безам кхоллар.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна Iемар ду кхеташ, нийса, къастош йеша; Iемар ду текстан коьрта тема билгалйаккха.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина йа доцца жоьпаш дала; Iаматца болх бан, ойла йан.

Личностни: дешархошна хуур ду шайн ойла йовзийта а, йешаран а, ойлайаран а пайда ган а.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур.** (Маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар.)

Могуш-маьрша бераш сан,
Дика дешарца догIийла,
Хаарш дуккха долуш шайн,
Шортта пхеаннаш дохийла!

• Мотиваци йар.

– Бераш, вай тахана стенах лаьцна дуьйцур ду хуур ду шуна, уьн тІе а хьаьжна, цу тІера дешнаш дешча. ГІийлачу озана тІера чІогІачу озана тІе а довлуьйтуш, доьшуьйту берашка и дешнаш.)

(Уьн тІехь йаздина дешнаш: Малх, Іалам, зІаьнарш.)

– Тахана вай цхьа хаза байт йоьшур йу. Іаламан исбаьхьа сурт а хІоттош йазйина йу и байт. Эдильсултанов Іаббаза йазйина вайна и байт.

– Муьлххачу а адаман санна вайн Даймехкан а йу шен цІе. Массара а цхьаьна, вайн Даймехкан цІе йаккхий вай?

– Цуьнан цІе – Нохчийчоь. Уггар хаза а, маьрша а, оьзда а адамаш дехаш мохк бу иза.

– Бераш, шуна хІун хаьа вайн Даймахках лаьцна? (Берашка хетарг дуьйцуьйту.)

• Актуализаци.

– Хьехархочо йоьшу байт.

Дошамца болх.

• Текстан анализ йар. Хаттаршца болх бар

– Стенах лаьцна йу хІара байт?

– Шеран муьлха хенаш йу байта тІехь йуьйцуш?

– Малхо муха гІаттавора жима турпалхо?

– Маьлхан денош дукха муьлхачу хенахь хуьлу?

– Стенна сагатдеш ву кІант?

– Малх кхетта денош хазахетий шуна? Муха ловзу шу иштачу деношкахь?

– Шу реза дуй поэтца? Іаламан сурт муха хІоттийна поэта?

• СадаІаран минот.

Вайн махкахь лекха дитташ ду. (Коган буьхьагаш тІе а хІуьттий, куьйгаш хьалаойъу.)

КІорга хиш а ду. (Голаш тІе охьаховшу.)

Шуьйра аре йу. (Куьйгаш дІасадохуьйту.)

Йаккхий хьаьннаш йу. (Куьйгаш хьалаойъу.)

Бераш, вай ма дехаш ду! (Нана-пIелг хьалаойъу.)

• КхидIа а керлачу темица болх бар.

– Берашка чIогIачу озаца байт йешийтар

– Берашца ловзар.

Ловзар «Йазде кица».

– Кицанан йуьхь а йазйой, чаккхе схьалаха олий тIедиллар ло берашна. Кицанаш Даймахках лаьцна ду. ХIора а кицанан чаккхе берашка схьа а лохуьйтуш, уьш нийса дIайаздо хьехархочо.

Вина мохк ..... мазал мерза бу.

Нехан махкахь эла хуьлучул..... шен эвлахь лай хилар тоьлу.

Шен ненан сий лардечо..... Даймехкан сий а лардийр ду.

• Белхан тептарца болх.

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• ЦIера болх:

– Байт дагахь Iамайе.

– ГIийла болх биначу шина дешархочуьнга Даймахках лаьцна презентаци кечйайтар.

• Рефлекси.

Дешархойн стоьлаш тIехь бес-бесара стоьмаш бу (цIениг – дарс дика хетар билгалдоккхуш, можаниг – дарс дика а хетта, амма Iамийнчух дикка кхетта цахилар гойтуш, баьццарниг – дарсехь хаза цахилар, шена хIумма а кхетта цахилар гойтуш). Оцу стоьмашца берашка дарсан мах хадабойту.





Дарсан цIе: **ЮСУПОВ ІАЗИМ. «МУХА КХИЪНА ТУЬЙРАНАШ!»**

Іалашо: Юсупов Іазима йазйина «Муха кхиъна туьйранаш» цIе йолу керла байт йовзийтар; нийса а, шера а, къастош а йеша Іамор. Ойлайар, тидам бар кхиор.

Дарсан кеп: керланиг Іамор.

Дарсан гІирс: тептар, ручка, Іамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамІаш:

Предметни: дешархошна Іемар ду кхеташ, нийса, къастош йеша; Іемар ду текстан коьрта тема билгалйаккха.

Метапредметни: дешархошна Іемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина йа доцца жоьпаш дала; Іаматца болх бан, ойла йан.

Личностни: дешархошна хуур ду шайн ойла йовзийта а, йешаран а, ойлайаран а пайда ган а.

Дарс дІадахьар

• **Вовшахтохаран мур** (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Іамат, ручка), цІера болх таллар).

• **Мотт шарбар. Меттан говзалла кхиор.**

Сир-ла, Сир-ла беттаса,
Лепаш дара Сий-Са-ра,
Са-хи-ли-ра тІаккха,
Схьа-кхий-ти-ра малх а.

ДІайеша олхазарийн аьзнашца. ДІайеша меллаша. ДІайеша къастош.

• **Дарсан Іалашонаш йовзийтар.**

Схьайелла Іаматан ____ гІа агІо. Муьлха байт йу цу тІехь йерг?

– Мила ву оцу байтан автор? Стенах лаьцна дуьйцур ду вай тахана дарсехь?

Вай тахана І. Юсуповс йазйина керла байт йоьшур йу. Йешаран пайда а гойтуш, нийса а, кхеташ а, шера а и байт йеша Іемар ду вай.

• Керла байт йовзийтар.

– Хьехархочо йоьшу байт.

– Хаттаршца болх бар.

– Шуна хаьий туьйранаш? ЦІе йаккха шайна девзачу туьйранийн.

– Туьйранийн муьлха турпалхой бевза шуна? Дийца царах лаций, церан хьуьнарш довзийта.

– Классехь шайна дукхадеза цхьа туьйра дийца шайн накъосташна.

– Дикачу а, харцахьарачу а туьйранийн турпалхойн цІераш дІайазде белхан тептар тІе.

• СадаІаран миноташ.

Бераш, го а бой, ул-улле дІахІуьтту.

– Вай хьуьнах кхаьчна. ЧІогІа мох баьлла. (Механ гІовгІа хозуьйту.)

Мох бу хьоькхуш тхан йуьхь тІе. (БІаьргаш дІакъовлу.)

Генаш лестош дитто шен. (Куьйгаш лестадо.)

Мох, ахь жимма собарде. (Куьйгийн пІелгаш меттахдоху.)

Лекха дитташ доха ма де. (Когийн буьхьигш тІе а хІуьттий, куьйгаш лекха хьалаойъу.)

• Іамийнарг тІечІагІдар. Белхан тептарца болх бар.

• Дарсана жамІ дар.

– Бераш, дика доьшур дуй аш?

– Керла хІун девзи шуна?

– ХІун дика хІума дан лаам кхоллабелира шун?

– Туьйранаш хазахетий шуна?

• ЦІера болх:

– І. Юсуповна байт Іамайе.

– Шайна лууш долу хІума а йаздеш, байт кхолла хьовса.

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• Рефлекси.

«Кхо йуьхь».

Хьехархочо берашна гойту кхо йуьхь тІехь йолу сурт: самукъане, гІийла, гІайгІане.

Берашка къастадойту шайн дог-ойланца догIу сурт.



Дарсан цIе: **ХАТУЕВ ІАБДУЛ-ХЬАМИД. «ЭТМАЬИГ»**

Іалашо: Хатуев Іабдул-Хьамида йазйина «ЭтмаьІиг» цІе йолу керла байт йовзийтар; нийса, шера, къастош йеша Іамор. Ойла йар, тидам бар кхиор.

Дарсан кеп: керланиг Іамор.

Дарсан гІирс: тептар, ручка, Іамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамІаш:

Предметни: дешархошна Іемар ду кхеташ, нийса, къастош йеша; Іемар ду текстан коьрта тема билгалйаккха.

Метапредметни: дешархошна Іемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина йа доцца жоьпаш дала; Іаматца болх бан, ойла йан.

Личностни: дешархошна хуур ду керла дешнаш, церан маьІна а.

Дарс дІадахьар

• **Вовшахтохаран мур** (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Іамат, ручка), цІера болх таллар).

Хьовса, хьоме доттагІий!

Кийча дуй шу дарсана?

Книга, тептар, мел оьшург

Йуй-те шуьгахь тахана?

• **Мотивацехула актуализаци.**

– Хьехархочун дош

Бераш, этмаьІиг олуш хезний шуна? Иза хІун йу, хаьий шуна? Оьрсийн маттахь улитка олу этмаьІигах. Шу кхоьрий цунах? Кхераме йуй-те иза? Хатуев Іабдулхьамида муха гайтина, хьовсий вай, этмаьІиг, шен байтехь?

– Хьехархочо йоьшу байт.

• Текстан анализ йар. Хаттаршца болх бар.

– Хьанах лаьцна йу хIара байт?

– Шуна гиний этмаьIиг?

– Уьш дуккха а маца гучуйовлу хаьий шуна?

– Вайн турпалхочо бецан хелиг лур ду боху, шекаран бIелиг лур бу боху этмаьIигна. Хьуна хIун аьлла хета, хIун йуур йу этмаьIиго?

• СадаIаран минот.

БIаьргашна йеш йолу упражнени – шайн меттехь Iашшехь.

1. БIаьргаш дIакъовла. 10–15 секундехь садаIа. БIаьргаш схьаделла.

2. БIаьргаш меттахдахар

– бIаргаш аьтту агIор а, хьала а хьовсаде.

– бIаьргаш аьрру агIор а, хьала а хьовсаде.

– бIаьргаш аьтту агIор а, охьа а хьовсаде.

– бIаьргаш аьрру агIор а, охьа а хьовсаде.

3–4-зза карладакхха. БIаьргаш дIакъовла. 10–15 секундехь садаIа.

• КхидIа а керлачу темица болх бар.

– Берашка чIогIачу озаца байт йешийтар

– Белхан тептарца болх бар.

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• ЦIера болх:

– Байт дагахь Iамайе.

– ЭтмаьIиган сурт дилла.

• Рефлекси. (ХIора а дешархочо шен тептар тIе малх буьллу, дарс дIадолучу хенахь шайн йолу дог-ойла муха йу а гойтуш).





Дарсан цIе: **СУТЕЕВ ВЛАДИМИР. «КХО ЦИЦИГ-КIОРНИ»**

Дарсан Iалашо: дешархошна Сутеев Владимира йаздина «Кхо цициг-кIорни» цIе йолу керла дийцар довзийтар.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна, олхазарех долу хаарш алсам а дохуш, Iемар ду текстан коьрта тема билгалйаккха.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина йа доцца жоьпаш дала; Iаматца болх бан, ойла йан.

Личностни: дешархошна Iемар ду шайн ойла йовзийта а, йешаран а, ойла йаран а пайда ган а.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур** (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар).

• Къамел шардар.

Аьзнаш цIена деша Iама

ри-ра, ра-ря, ру-рю, ир-эр, ар-ор-ур,

ррри-ррра-рррэ, ррро-ррру-ррри,

дрри-дрра-дррэ, дрро-дрру-дрра.

Актуализаци.

– Сутеев Владимирх боцца хаам балар.

Бераш, Сутеев Владимир оьрсийн йаздархо ву. Амма цо берашна дуккха а говзарш йазйина. Тахана вай доьшур долу дийцар а цо йазйина ду. Гочдинарг йу Петирова ПетIамат.

– Хьехархочо доьшу дийцар.

– Дошамца болх.

– Берашка доьшуьйту дийцар.

• СадаIаран минот.

«Аьзнаш»

(Бераш 3 тобане декъало. ХIора тобанан декъашхоша тайп-тайпанчу дийнатех аьзнаш тардо. Масала:

1 – гIезаш (ГIа-гIа-гIа)

2 – кхокхарчий (ГIулаь-гIулаь-гIулаь)

3 – вирбекъа (ИгIо-гIо)

4 – жIалин кIезий (ГIав-гIав).

(ХIора тобанна тIе а йоьдуш, хьехархочо стоьла тIе пIелг туху: «Мил-мила ву хIокху цIа чохь Iаш верг?» (Бераша дийна-тийн аьзнашца жоьпаш ло.)

ТIаккха хьехархочо олу:

• «ГIезаш, хьалагIовтта!» (Куьйгаш хьала а айъий, ластаде.)

• «Кхокхарчий, хьалагIовтта!» (Корта меллаша хьовзабе.)

• «Вирбекъаш, хьалагIовтта!» (Когаш сиха аш тоха.)

• «ЖIаьлин кIорнеш, хьалагIовтта!» (ДогIмаш дехьа-сехьа хьовзаде.)

Цул тIаьхьа, и упражненеш массаьрга а йойту.

• Текстаца болх.

– Берашка доьшуьйту дийцар.

– Хаттаршца болх.

1. Маса дара цициг-кIорни?
2. ХIун беснаш дара церан?
3. Дуьххьара хьанна тIаьхьадевлира уьш?
4. Мича лилхира уьш, дахка схьалаца гIерташ?
5. Муьлхачу басе дирзира уьш?
6. Цул тIаьхьа хьанна тIаьхьадевлира уьш?
7. Пхьидана тIаьхьадевлла лелаш, муьлхачу басе дирзира уьш?
8. Хи чохь хIун гира царна?

• Дарсана жамI дар.

– Стенах лаьцна дара вайн дарс?

– Муьлха бесаш девзи шуна?

– Керла хIун девзи шуна?

• ЦIера болх:

– Сутеев В. йаздина дийцар деша, чулацам схьабийца.

• Рефлекси. «Баркаллин кехат». (Берашна кегий кехаташ а лой, цаьрга цу тIехь шайна дарсехь гIо хиллачух лаьцна ши-кхо дош йаздойту.)

Дарсан цIе: **ОСЕЕВА ВАЛЕНТИНА. «ЦХЬАЬНА»**

Дарсан Iалашонаш: берийн йаздархо Осеева Валентинах лаьцна дийцар, цуьнан «Цхьаьна» цIе йолу дийцар довзийтар; шера йеша а, йешначун маьIна дан а кхетам кхиор.

Дарсан кеп: керланиг Iамор.

Дарсан гIирс: тептар, ручка, Iамат, интерактиван у.

Кхочушдан лору жамIаш:

Предметни: дешархошна Iемар ду кхеташ, нийса, къастош йеша; Iемар ду текстан коьрта тема билгалйаккха.

Метапредметни: дешархошна Iемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина йа доцца жоьпаш дала; Iаматца болх бан, ойла йан.

Личностни: Даймохк безаран, адамаш бертахь хиларан, маьрша дахаран мехалла йевзар йу; доттагIаллин дозалла девзар ду.

Дарс дIадахьар

• **Вовшахтохаран мур** (маршалла хаттар, дарсана кечам бар таллар (тептар, Iамат, ручка), цIера болх таллар).

• **Мотт шарбар.** Меттан говзалла кхиор.

Ха-За, Ха-За йу сан На-На,
Мер-За, Мер-За ду иЗа,
Йе-За, Йе-За иЗа суна,
Уггаре диканиг На-На йу хьу-На!

ДIайеша самукъанечу озаца. ДIайеша меллаша. ДIайеша чIогIа.

• Дарсан цIе йовзийтарца Iалашонна тIебигар.

– Бераш, оьрсийн цхьа дийцар, туьйра хаьий шуна? (Берийн жоьпаш)

– Муьлханаш? Дийца?

– Шуна муьлхарш хазахета?

– Схьайелла Iаматан _____ агIо. Муьлха дийцар ду цу тIехь?

• Керла хаарш дIакхачор.

Хьехархочун дош:

– Осеева Валентина оьрсийн къоман йаздархо йу. Цо берашна лерина йазйеш хилла. Тахана вай Iамор ду «Цхьаьна» цIе йолу дийцар. Иза нохчийн матте гоч дина ду.

– Хьехархочо дIадоьшу Осеева Валетинан «Цхьаьна» цIе йолу дийцар.

• СадаIаран минот.

Гой шуна, полла, тIемаш лестош,
Зезагаш бу дагардеш,
Куьйгаш-тIемаш ластаде цунна.
– Цхьаъ, шиъ, кхоъ, диъ, пхиъ! (ПIелгашца дагардо.)
Зезагаш ма хаза техка,
Дийнахь, кIирнах, бетта чохь, (Куьйгаш тоха.)
Йалх, ворхI, бархI, исс, итт, (ПIелгашца дагардо.)
Зезагийн тхи муьйлуш, (Когаш меттахдаха.)
Полла боккха хир бу. (Куьйгаш тоха.)

Текстаца болх.

1. Хьаьнца доттагIалла лело лиира Наташина?

2. Оля резахилирий цунна?

3. Оля хIун лело дагахь йара керлачу доттагIчуьнца? Шуна нийса хетий цо бохург?

4. Аш хIун леладо доттагIашца цхьаьна? Цхьаьна ловзий шу? Муха ловзу? Цхьаьна урокаш йой аш? Вовшашна гIо дой?

5. «ДоттагIалла хьаьнца леладо хьаьжжина ду и» – хьо муха кхета оцу дешнех? Хьуна нийса хетий и?


6. Шуна хьайн доттагIий муха хила лаьа? Хьо хьо вуй ишта доттагI?


• Iамийнарг тIечIагIдар.

– Бераша кар-кара оьцуш дIадоьшу дийцар.

– Суьрташца болх

Лахарчу суьрташка хьажа. ХIун деш ду бераш? Дика гIуллакхаш муьлханаш ду царах?





Дарсан жамI дар.

– Хазахийтин шуна вайн таханлера дарс?
– Муьлха йаздархо йевзи вайна?
– Муьлхачу къоман йу и?
– Цуьнан муьлха дийцар дийши вай?
– Стенах лаьцна дара туьйра?
– Муха хила веза доттагI?
– Шуна везарий иштта доттагI? ХIунда?
– Шун буй доттагIий? Муха бу уьш?

• ЦIера болх:

– В. Осееван дийцар шера деша.
– Дикачу доттагIан амалш тептар тIехь дIайазйе.

• Дешархоша биначу белхан мах хадор.

• Рефлекси.

Цхьа фраза къастайе хьайна уллехь Iачу дешархочух лаций.
– Хьо дика дешархо ву.
– Со реза ву/йу ахь биначу балхана.
– Хьайна лиъча кхин а дика болх балур бара хьоьга.

ЧУЛАЦАМ

Дагардарш, чехккааларш 4
Аганан эшарш 7
ХIетал-металш 9
Цхьогаллий, пхьагаллий 11
Цхьа буьртиг 14
Тамашийна йоI 16
Кибиев Мусбек. «Орга» 18
Ахмадов Муса. «Писулиг» 21
Абубакарова ПетIамат. «Дей, буьйсий» 23
Гацаев СаьIид. «Борз» 25
Яшуркаев Султан. «Ларло» 28
Махмаев Жамалди. «ЦIахь йац, алахьа…» 30
Мамакаев Эдуард. «ХIорд дуьрий бен хуьлуш бац» 32
Эдильсултанов Iаббаз. «Маьлхан зIаьнар» 35
Юсупов Iазим. «Муха кхиъна туьйранаш!» 38
Хатуев Iабдул-Хьамид. «ЭтмаьIиг» 40
Сутеев Владимир. «Кхо цициг-кIорни» 42
Осеева Валентина. «Цхьаьна» 44

Учебно-методическое издание

Халикова Мадина Хусейновна

УРОКИ ЧЕЧЕНСКОЙ ЛИТЕРАТУРЫ В 1 КЛАССЕ

Методическое руководство к учебнику
«Чеченская литература. 1 класс»

На чеченском языке

Для общеобразовательных учреждений Чеченской Республики

Редактор Т.И. Бураева
Технический редактор С.В. Дзагаева
Дизайнер-верстальщик М.С. Астомирова
Корректор А.Т. Бицалова
Дизайн обложки – З.В. Халиев

9 785431 405457

Подписано в печать 14.02.2023. Формат 70x90 1/16.
Гарнитура Times New Roman. Усл. печ. л. 3,51.
Тираж экз. Заказ № .

АО «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий»
364000, ЧР, г. Грозный, ул. Санкт-Петербургская, 12/35